

## DRAFT 1 OT PT PATIENTS

DAT

Chè pasyan,

Kòm ou konnen, Norwood Hospital ki Norwood e sèvis afilye li yo ki Norwood e Foxboro ap fèmen ozanviwon le 31 oktòb.

N ap ekri w poutèt nou vle asire ou konnen ki chanjman ki gen sou swen espesyalize ou yo nan Norwood Hospital's Performance Therapy ansanm ak ègoterapi e fizyoterapi. Klinik sa yo fonksyone avèk lisans lopital la e pou rezon sa se pou yo fèmen ansanm avèk lopital la.

Pou kontinye swen ou yo, kontakte tanpri doktè premye swen ou an oubyen doktè espesyalize ou a pou referans nan yon lokal altènatif.

W ap kontinye gen aksè nan enfòmasyon medikal ou yo nan pòtal StewardCONNECT la nan [www.stewardconnect.org](http://www.stewardconnect.org). Nou ankouraje w enprime yon kopi dosye medikal ou yo pou l pi fasil pou ou.

Dosye medikal ou yo sekirize epi yo soulamen, e Steward Medical Group ap kenbe dosye medikal orijinal ou yo. Si w bezwen yon kopi dosye medikal ou a, konekte tanpri nan [www.norwood-hospital.org/patient-visitor-information/medicalrecords](http://www.norwood-hospital.org/patient-visitor-information/medicalrecords).

KABINÈ PREMYE SWEN KI NORWOOD E FOXBORO AP RETE LOUVRI.

Si w gen kesyon w ap poze, telefonnen tanpri nimewo asistans telefonik pasyan an lendi pou vandredi, 7 a.m. pou 7 p.m. nan 617-789-2228.

Si w gen yon ijans medikal, telefonnen tanpri 911. Apre Norwood Hospital fèmen, sèvis repatisyon dijans lan ap voye w nan lopital ki pi pre w la.

Nou di w mèsi poutèt ou se pasyan Steward Health Care. Nou swete pou w byen pòtan.

Mèsi.

Kim Bassett, RN, MBA  
Direktè Operasyon  
Steward Medical Group